



Pou Piblikasyon Imedya: 07/02/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOPOZISYON POU PWOGRAM RABÈ 15 MILYON DOLA POU TEKNOLOJI CHOFAJ AK KLIMATIZASYON RENOUVLAB

Kad Politik Chofaj ak Klimatizasyon Renouvlab la Ap Favorize Devlopman Inisyativ Chofaj ak Klimatizasyon Renouvlab pou Estimile Kwasans Mache a

Sipò Teknolojik Objektif Enèji Pwòp Eta New York pou Redwi Emisyon Gaz Efè Sèr yo a 40 Pousan vè Lane 2030

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse pwopozisyon 15 milyon dola pou akselere itilizasyon teknoloji chofaj ak klimatizasyon renouvlab pou estimile ekonomi enèji pwòp la. Nouvo kad politik Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) genyen yon pwogram 15 milyon dola yo pwopoze sou de zan pou bay rabè pou enstalasyon ponp chofaj jewotèmik yo. Plan sa ap sipòte objektif eta a pou redwi emisyon gaz a efè sèr yo nan New York a 40 pousan vè lane 2030 pa rapò ak nivo ane 1990 yo.

Gouvènè Cuomo te di: “New York te fè gran pa pou konbat chanjman klimatik la lè l sipòte itilizasyon nouvel teknoloji yo epi devlope ekonomi enèji pwòp nou an. N ap kontinye fè envenstisman pwòp k ap ankouraje itilizasyon enèji pwòp epi a bon mache, pou redwi anprent kabòn nou epi sipòte kominote ki dirab nan tout eta a.”

Aktyèlman, enèji tèmik ki gen baz konbistib fosil — prensipalman gaz natirèl, gaz pwopann ak petwòl — se prensipal sous enèji pou chofaj espas, klimatizasyon espas ak dlo cho nan kay nan rezidans ak sektè komèsyal yo. Li responsab pou anviwon 32 pousan emisyon gaz efè sèr ki lye ak enèji nan New York. Rediksyon emisyon yo fè pati entegral estrateji pou Refòme Vizyon Enèji (Reforming the Energy Vision, REV) Gouvènè Andrew M. Cuomo pou l bati yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi rezilyan e a pi bon mache pou tout Nouyòkè.

Teknoloji chofaj ak klimatizasyon renouvlab yo pa sèlman founi benefis pou anviwonman an, men yo ka pèmèt ekonomi nan fakti kouran, nivo konfò ak benefis sante ki ogmante pa rapò ak teknoloji chofaj ak klimatizasyon konvansyonèl yo.

Kad NYSERDA a, “Kad Politik Chofaj ak Klimatizasyon Renouvlab la: Opsyon pou Kwasans Sektè a ak Mache yo Pwogrese nan New York” (“Renewable Heating and Cooling Policy Framework: Options to Advance Industry Growth and Markets in New York”), fikse opsyon politik ak solisyon ki baze sou mache a pou pwochen ane yo, epi idantifye apwòch pou aksyon ki plis alontèm. Nou envite pati ki enterese yo pou fè kòmantè sou kad la. Gen plis enfòmasyon sou politik kad la ki disponib [isit la](#).

Pwogram rabè 15 milyon dola yo pwopoze a t ap founi anviwon 6,000 dola pou yon konsomatè rezidansyèl jeneral pou enstalasyon ponp chofaj jewotèmik. Teknoloji sa genyen potansyèl ekstraòdinè pou bay Nouyokè yo yon sistèm chofaj ak klimatizasyon ki efikas epi fyab sou plan enèjetik. Men, li pa ko konpetitif nan pri pa rapò ak teknoloji konvansyonèl yo, alò lè nou bay rabè a, sa ap ede estimile kwasans mache a.

Anplis rabè a, kad la idantifye divès opsyon pou pwochen ane yo pou diminye depans, redwi obstak yo epi devlope mache a, ki se:

- Sansibilizasyon ki baze nan kominote, edikasyon ak acha an gwo.
- Antre sistèm chofaj ak klimatizasyon renouvlab nan nouvo devlopman lojman ak kanpis yo, ki ka pi efikas sou plan ekonomik epi diminye depans yo akòz gwosè pwojè yo.
- Devlope yon pwosesis ini epi òganize.
- Redwi risk devlopman pwojè a lè n bay sipò pou etid fezabilite ak enjenyeri.
- Entwodwi teknoloji chofaj ak klimatizasyon nan chèn komès ak distribisyon ki egziste yo.
- Òganize nouvo modèl biznis ak inovasyon finansman ki ka diminye gwo depans inisyal yo lè n pwopaje yo toutotan tan ap pase.

Kad la ap eksplòre metòd pou mete anplas enstriksyon sou chofaj ak klimatizasyon renouvlab pou konstriksyon piblik yo, nouvo konstriksyon ak renovasyon.

Richard Kauffman, Prezidan Enèji ak Finans Eta New York (Energy and Finance, New York State), te deklare: “Itilizasyon devlope teknoloji chofaj ak klimatizasyon an enpòtan anpil pou ede New York redwi gaz a emisyon efè sèr yo. Kad politik la souliye plizyè opòtinite ke nou ka eksplòre pou n jwenn pi bon wout pou ale vè lavan nan efò nou pou devlope kapasite pou n rive jwenn enèji pwòp nan tout eta nou an epi frennen emisyon chanjman klimatik yo.”

NYSERDA, ki te devlope kad la, ap travay ak pati ki enterese yo epi lanse pwogram chofaj ak klimatizasyon renouvlab la nan ane 2017, sou apwobasyon Ministè Sèvis Piblik la (Department of Public Service, DPS), nan kad Fon Enèji Pwòp la (Clean Energy Fund). Depi li apwouve, NYSERDA prevwa ofri pwogram rabè a nan sezon Prentan. NYSERDA, DPS, ak Otorite Elektrisite New York (New York Power Authority, NYPA), ap kolabore pou fè kad la evolye.

John B. Rhodes, Prezidan ak PDG NYSERDA, te deklare: “Lè n akselere teknoloji chofaj ak klimatizasyon tankou ponp chofaj jewotèmik yo, se yon lòt etap ki enpòtan sou direksyon Gouvènè Cuomo pou fè New York vin eta ki gen enèji ki pi pwòp e ki pi efikas nan peyi a. Rekòmandasyon ki rezime nan Kad la sipòte estrateji pou fè New York vin lidè nan enèji pwòp nan peyi a e nou enpasyan pou travay ak sektè a pou fè ide sa yo fleri.”

Gil C. Quiniones, Prezidan ak PDG NYPA a, te deklare: “Pwopozisyon sa ap ede òganize mizanplas teknoloji enèji renouvlab nan tout Eta New York. Lè n antreprann depistaj ak etid fezabilite pou pwojè ponp chofaj jewotèmik yo, n ap akselere enstalasyon yo epi fasilite reyalizasyon yon ekonomi enèji pwòp pou tout Moun New York.”

Manm Asanble Amy Paulin, Prezidan, Komite sou Enèji Asanble a, te deklare: “Pwopozisyon NYSERDA a founi yon plan sou fason nou ka ogmante itilizasyon enèji pwòp, enèji jewotèmik nan New York, ki pa twò itilize kounye a. Sa ap kontribye anpil nan ede pou atenn objektif enèji renouvlab anbisye Eta a.”

John Franceschina, Prezidan NY-GEO, te deklare: “New York ap fonsè ak yon pwogram pwogresyon rapid pou abòde kesyon chanjman klimatik la ki konbine chofaj, klimatizasyon dirab ak machin elektrik yo. NY-GEO remèsye Gouvènè Cuomo, ki te vin sove 1,000 fanmi ke djòb nan sektè enèji jewotèmik lan sipòte, pandan l ap fè wout pou New York atenn objektif pou redwi emisyon gaz efè sèr yo a 40 pousan vè lane 2030.”

Roger Downs, Direktè Konsèvasyon, Sierra Club Atlantic Chapter, te deklare: “Sierra Club aplodi lidèchip Gouvènè Cuomo nan teknoloji enèji efikas tankou enèji jewotèmik. Chofaj ak klimatizasyon ak enèji Jewotèmik reprezante meyè estrateji e enèji ki pi ekonomik pou New York atenn objektif enèji zewo nou an epi merite menm ankourajman finansye ak lòt sous enèji dirab yo tankou enèji ewolyèn ak enèji solè.”

Plizyè obstak kanpe sou wout pou adopte teknoloji chofaj ak klimatizasyon renouvlab sou tout mache a aktyèlman. Obstak sa yo se pi gwo depans inisyal pase teknoloji konvansyonèl yo, defi ekonomik, aksè ki pa apwopriye ak kapital envestisman a pri ki ba, konsyantizasyon konsomatè yo ak konfyans nan teknoloji yo ki limite, ak divès obstak pou chèn apwovizyonman an devlope. Anplis, ekipman chofaj ak klimatizasyon yo ranplase jeneralman sèlman nan fen lavi itil yo — anviwon 15-20 an — alò, opòtinite pou pase a enèji renouvlab la limite.

NYSERDA ap aksepte kòmantè ekri sou kad politik la jiska dat limit lan ki se 10 Mas 2017. L ap fè yon wèbinè (seminè sou entènèt) tou nan dat 2 Mas, a 10:00 è a.m. Pati ki enterese pou soumèt kòmantè sou kad la oswa pou patisipe nan wèbinè a, dwe kontakte NYSERDA nan renewableheatingandcooling@nyserda.ny.gov

Konsènan Refòm Vizyon Enèji a

Refòm Vizyon Enèji a se strateji Gouvènè Andrew M. Cuomo pou li domine sou chanjman klimatik yo epi devlope ekonomi New York. REV ap konstwi yon sistèm enèji

ki pi pwòp, pi fleksib epi pi abòdab pou tout Nouyòkè yo nan favorize envestisman nan teknoloji enèji pwòp yo tankou solè, van ak enèji efikas, epi jenere 50 pousan nan kantite elektrisite leta bezwen apati enèji renouvlab apati lane 2030. Deja, REV te pèmèt 730 pousan kwasans pou tout mache enèji solè nan tout eta a, ki te pèmèt 105,000 fanmi ki pa touche anpil lajan yo pou yo bese definitivman pri fakti elektrisite yo gras a enèji efikas, epi kreye dè milye pòs travay nan manifakti, enjenyè, ak lòt sektè teknoloji pwòp yo. REV ap asire Eta New York ap redwi degajman gaz a efè sèr yo nan tout eta a jiska 40 pousan apati lane 2030 epi atenn objektif ki rekoni sou echèl entènasyonal pou fè rediksyon degajman gaz a efè sèr yo jiska 80 pousan apati lane 2050. Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou REV, ansanm ak envestisman 5 milya dola Gouvènè an nan teknoloji enèji pwòp ak nan inovasyon an, tanpri vizite sitwèb www.ny.gov/REV4NY epi swiv nou nan [@Rev4NY](https://twitter.com/Rev4NY).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418